Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 8 (6991) 16 февраль 2026 с. Итни ШагIбан 1447 с. Багъа - эркенаб

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ**

## Микьабилеб ахIиялъул иргадулаб гуреб сессия

### Бюджеталда хиса-басиял гьариялъул халгьабуна



**Бакълъул мухъалъул депутатазул Собраниялъул микьабилеб ахIиялъул иргадулаб гуреб сессия тIобитIана араб анкьалъ. Данделъиялда гIахьаллъана муниципалияб депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиев, районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, районалъул финансовияб идараялъул нухмалъулев РурухIма Халидов, муниципалитеталъул прокурор Юсуп ГIалиев, депутатал ва цогидал.**

Повесткаялда рукIарал аслиял суалазул цояблъун букIана 2026-абилеб соналъул ва 2027–2028-абилел соназул планалъулаб бюджеталда хиса-басиял гьари. Тадбиралда гьединго халгьабуна ва тасдикъ гьабуна депутатазул Собраниялъул даимал комитетазул хIакъалъулъ Положение.

Повесткаялъул хасаб пунктлъун букIана Бакълъул мухъалъул депутатазул Собраниялъ цебесеб сессиялда муниципалиял хъулухъазул реестр тасдикъ гьабиялда тIасан гьабураб хIукмуялда хурхун районалъул прокуратураялъ рагIинабураб протесталъул халгьаби. Повесткаялъул киналго суалазда хурхун гьаруна данде кколел хIукмабиги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

**РОСАБАЛЪАН ХАРБАЛ**

## ЧIиркъдерил школалда цIияв директор

### Баракатав ватаги



**Бакълъул ракьалда лъай кьеялъул даража борхизаби мурадалда нухдаинарулел руго батIи-батIиял програмаби, хIалтIаби. КIудияб кIвар кьолеб буго школазулгун ясли-ахазул кадраби цIи гьариялде ва камиллъизариялде. Гьедин, «Росдал мугIалим » программаялъул гIахьалчи Керим Ордашов тIамун вуго ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул директорлъун.**

ЦIалул идараялъул хIалтIухъабазда цIияв директор вихьизавиялъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Сайпилав МухIамадовас, муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, гьесул хIалтIухъан ГIабдула МухIамадовас, чIиркъдерил бегавул МухIамадрасул МухIамадовас ва цогидаз.

Гьеб школалъе гIемер соназ директорлъи гьабурав МухIамад МухIамадовасе ракIракIалъулаб баркала загьир гьабуна Сайпилав МухIамадовас ва баркалаялъул кагъат кьуна администрациялъул рахъалдасан. 15 соналъ директорасул заместительлъун ва 15 соналъ директорлъун хIалтIана МухIамадов. РакIбацIцIадаб хIалтIухъ, насихIатазухъ ва лъикIаб бербалагьиялъухъ мугIалимзабазги баркала кьуна гьесие.

Керим Ордашовасе гьарана цIияб хъулухъ къиматаб даражаялда бачине щулияб сахлъи, икъбал ва киналго рахъалъан церетIеял.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



«Бакълъулазул чIегIераб меседъ»

- 2 гьум.



ЦIияб Аргъваниб: Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналда хурхун – волейболалъул турнир

- 2 гьум.



ЧIиркъатIа: умумузул ирс, маданият цIуниялъул тадбир

- 2- гьум.



Данухъа лъабгояс РФялъул улка цIуниялъул Министерствоялъулгун контракт хъвана

-2- гьум.

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## «Бакълъулазул чIегIераб месед»

### Федералиял журналистал гьоболлъухъ рачIана

**Бакълъул мухъалде щвезе бокьаразул къадар къойидаса-къойиде цIикIкIунеб буго. Гьелъие гIиллалъун ккарал хIужабазул цояб ккола гIагараб ракьалъул хаслъи, берцинлъи, захIмат бихьизабизе мурадалда тIоритIулел пресс-турал. Араб анкьалъ регионалиял ва федералиял журналистал иргадулаб нухалъ щвана бакълъулазул мухъалде.**



Араб анкьалъги «Россия 1», «ТIоцебесеб», «Щуабилеб», «РЕН ТВ» каналазул «Российская газеталъул» вакилзабаз цогидаз хIадур гьаруна макъалаби, видеосюжетал чIегIераб хурма бакIариялда хурхун.



«ТIоцебесеб» каналалдасан бихьизабураб сюжеталъул кIудияб интерес кьуна гIадамазе. Социалиял гьиназда чIегIераб хурма бижизабиялда хурхун, гьелъул пайдаялъул бицун, гIемераз гара-чIвари гьабуна. «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновасул рагIабазда рекъон, гьединал тадбирал нахъеги нухдаинаризе руго.

Бакълъул ракьалъул бачIин гьарзалъаги, захIмат бихьун, росдал магIишат цебетIезабулезул хIалтIул хIасилал лъикIлъаги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ЧIиркъатIа: умумузул ирс, маданият цIуниялъул тадбир

### Цолъи щулалъаги

**Умумузул гIадатал, миллияб квен хIадур гьабиялъул хаслъаби ракIалде щвезарулеб тадбир тIобитIана араб анкьалъ ЧIиркъатIа росдал гьоркьохьеб школалъул мугIалим ГIайшат Гьайирбеговалъул хIаракаталдалъун ва гьелъул классалъул цIалдохъабазул гIахьаллъигун.**



Гьеб тадбир хурхараб букIана Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналда. Республикаялъул журналистаз гьеб берцинлъи видео ва фотоаппаратаздаги бахъана.

Гьединго росдал тарихалъул, маданияталъул ва цогидалъул журналистазе бицана Лъанлъари росдал КДЦялъул нухмалъулев СагIид Шамиловасги. СМИялъул вакилзабаз баркала загьир гьабуна бакълъулазе къиматаб даражаялда гьезулгун гьабураб бухьеналъухъ, Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналда хурхун гьарулел тадбиразухъ, маданиятгун умумузул ирс цIунизе бахъулеб хIаракаталъухъ.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

## ЦIияб Аргъваниб: Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналда хурхун – волейболалъул турнир

### Кутишаса команда бергьана

**ЦIияб Аргъвани росулъ тIобитIана Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон кIодо гьабураб волейболалъул турнир. Тадбиралда данделъана спорт бокьулелги цогидалги. Къецазда гIахьаллъана анлъго команда, гьезда гьоркьоб букIана Леваши районалъул Кутиша росулъа ахIараб командаги.**



Спортсменаздехун ва турниралъул гьалбадеридехун саламалъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Сайпилав МухIамадовас, эргъвендерил бегавул ХIусен ГIусмановас, Бакълъул ракьалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад Нажуевас, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи ГIабдусалам НурмухIамадовас ва цогидаз.

ХIаял ана гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда, спортсменаз бихьизабуна тIадегIанаб даражаялъул хIадурлъи, цоцалъ рекъараб командаялъулаб хIалтIи.

Бергьенлъи щвана Кутиша росулъа командаялъе. Бергьаразе, къиматал бакIал ккуразе гIарцул сайгъатал ва ракIалдещвеялъул кубокал кьуна.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Данухъа лъабгояс РФялъул улка цIуниялъул Министерствоялъулгун контракт хъвана

### Бергьенлъигун тIадруссаги

**Данухъа Муса Беркихановас, Руслан МухIамадовас ва Зубайир МуртазагIалиевас Россиялъул улка цIуниялъул Министерствоялъулгун къотIи-къай гьабуна ва Россиялъул тIалабал тIуразе хасаб рагъулаб операциялъул мухъалде ине къасд гьабуна.**



Гьел нуха регIиялъулъ гIахьаллъана Данухъ росдал бегавул ГIабдулатIип ГIисаевги. Гьес росуцоязе гьарана рагъулаб хъулухъ борхиялъулъ икъбал, бергьенлъигун тIадруссин.

Абизе ккола, хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе Гумбет мухъалъул нус-нус чи къватIиве вахъун вуго жидерго ватIан цIунизе. ГIемерисезе щвана пачалихъалъул ва ведомстволъул шапакъатал. Тылалъги гьабулеб буго бажарараб кумек. Гуманитарияб къайи гьоркьоса къотIичIого битIулеб буго СВОялъул рагъухъабазе, гьезул хъизамазде бербалагьи гьабиялдеги кIвар буссинабун буго.

**Макка МухIамадова**

ХIАМЗАТ ГIИЗУДИНОВАС 45 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## ХIаригабурлъухъ

**ХIариб, дур къисаби къваридал руго,**
**ХIариб, дур къеркьеялъ хIикмат гьарула.**
**Гьанибин кьор гъураб Рекъасул бодуй,**
**Гьанирин гIунарал Тимурил «гьалбал».**

**ХI.ГIизудинов**

Гьалеха, хIурматиял цIалдолел, гьанже ирга щвана тIехьалъе жиндир цIар кьураб ХIаригабурлъиялде. Гьеб бакIалъул цIар нилъеда гIемер рагIула. Хасго хасало. Дагьабго гIазу банигицин, гьеб бакIалда тIабигIат цIакъго щцидахуна, хIалбихьеха жинде аскIоре къазейилан абулеб гIадин. Гьелъул магIна дида бичIчIана, гьаб гьитIинабго къиса цIалидал.

БахIарчиял умумузул бахIарчияб тарихалъ дун ячун щвезаюна рекъав Тимурил заманаялъухъе. Гьеный дун цIидасанги дандчIвана Дагъистаналъул халкъалъ бидуца хъвараб бахIарчияб тарихгун. Гьанир цолъун руго хонжролги, ай, бахIарчияб халкъалъулги, шагIирасул къалмил тарихги, къисаги, къисматги. Дида кколеб буго доб мехалда, гIицIго гIадамаз гуребги, жибго тIабигIаталъгицин дандечIей гьабунин тушманасдейилан абун. Доб щцин жеги цIунун хутIун буго тIабигIаталда. Гьелъул магIнаги ккола гIагараб ракьалде вачIарав тушман чIаго нахъе ворчIизе гьечIин абураб. Щуго нухалда тушманасде гIанси тIолеб буго гьеб магIарда.

Иргадулаб, щуабилеб гIанси тIедал, кьураби рихху-леб гIадаб гьаракьалъ ХIаригабурлъи мегIер кIалъала:

– Леееe, инсанлъи лъугIарал зулмучагIи! Чорок гьабуге дун! Гьадин кIорокIула дица нуж! Те дунги гьаб МугIрузул улкаги магIарулазе. Ниж гьаб ракьалъул халкъазе рижарал руго. Гьал халкъал мугIруз кидаго цIунана…

– Иргадулаб тIун бачIараб гIансиялъ рачун ана Рекъасул таманал бодулал…

Щиб лъалеб, жеги гаргазе бегьула ХIаригабурлъи. Гаргадизе бегьула мугIрузул улкаялъул щибаб мегIер, кьуру, габурлъи, гамачI, си, сухъмахъ.

– ХIариб – дир ракьалъул кьварараб каву,
Кор боркьарал рагъал хъудана гьанир.
ХIариб – Кавказалъул рухIалъул хIуби,
БахIарзал куцараб яхIалъул мегIер.
ХIариб кьили лъураб чу гIадин буго,
МагIаруллъиялда борхун квачIид чIун.

Бигьаяб букIинчIо гIумрудул рогьел
Дир шигIру бижана, гIуна магIарухъ,
Дир шигIру, мугIрузул гьаракьлъун букIа!
Кьурулъ бусен лъураб магIарул назму,
ГIазизаб ВатIангун цIай дуца хIухьел!

ХI. ГIизудинов

Макъалаялъе ахирги лъолаго, бокьун буго цоги нухалда тIехьалъул авалалде яккизе, цоги нухалда гIенеккизе шагIирасул гьаракьалъухъ:

– Аслияв бахIарчи дир асаразул,
Авар мацI, мун буго кидаго, даим.
Дуца куркьбал гъуна мугIрул халкъалда,
Дуца рагIи кьуна, рокьи гьурщана.

Гьарула шагIирасул шигIрабазе щулияб куркьбалги, пикрабазе – роцIцIенги, хьулазе - рацIцIалъиги, анищазе – тIадегIанлъиги…

– ХIикматал суратал паркъула цере,
КъвакIарал ракьцоял дандчIвала нухда.
Дица бухьун буго росулъе сапар,
Дир гIумру – тIогьазде харулеб сухъмахъ.

Нух битIаги нужее, шагIирасул шигIраби. ШигIрудал улкаялда гвангъараб бакъ сунгеги.

**Шамай Хъазанбиева**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## В Гумбете проходит ОПМ «Оружие-выкуп»

**В период с 01 февраля по 31 декабря 2026 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.**

Согласно изменениям №361 от 29 декабря 2021 г., внесённым в постановление Правительства Республики Дагестан №184 от 24 апреля 2014 г. плата за выкуп, установленная ранее, увеличена.

Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ, и цены.

1.Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина), револьвер -55000
2.Автомат - 80000
3.Пулемет Калашникова и его модификации - 85000
4.Ручной пулемет -75000
5.Пистолет-пулемет - 50000
6.Автоматический гранатомет станковый - 25000
7.Подствольный гранатомет - 20000
8.Ручной противотанковый гранатомет - 20000
9.Одноразовый гранатомет -15000
10.Малогабаритный реактивный огнемет - 25000
11.Снайперская винтовка - 60000
12.Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом -15000
13.Охотничье гладкоствольное ружье - 3000
14.Газовые пистолеты и револьверы - 2000
15.Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства -10000
16.Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства -1000
17.Травматические пистолеты и револьверы - 3000
18.Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами - 20000
19.Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и другие промышленного изготовления) за 1 грамм 8
20. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) - 3000
21.Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу - 300
22.Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды к артиллерийскому вооружению) 3000
23.Выстрел к РПГ -3000
24. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам - 2000
25.Ручная граната - 2500
26.Мина - 2000



27.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12.7 калибра 15
28.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12.7 калибра и более 150
29. Запалы к гранатам -1000.

Отметим, что граждане, добровольно сдавшие незаконно хранящееся у них оружие, освобождаются от уголовной ответственности, предусмотренной за его хранение. Также, напоминаем, что в соответствии с действующим законодательством за незаконное приобретение, передачу, сбыт, хранение, перевозку или ношение оружия, его основных частей и боеприпасов, предусмотрена уголовная ответственность вплоть до ограничения свободы сроком до 4-х лет и штрафа в размере до 80 тысяч рублей. Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии либо непригодном для использования по основному назначению. Граждане, желающие добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое время круглосуточно в дежурную часть ОМВД России по Гумбетовскому району по тел. 8 – 999 – 418 – 85 – 10.

**Врио начальника ОМВД РФ по Гумбетовскому району капитан полиции М.Н. Нажуев**

ТIИБ

## ТIоцебесеб кумек гьабиялъул дарсал

### Сахлъи щулалъаги

**«Россиялъул БагIараб Хъанч» ТIолгороссиялъул жамгIияб гIу-цIиялъул Дагъистаналъул регионалияб командаялъ районалъул Централияб больницаялда тIоцебесеб кумек гьабиялъул мастер-класс тIобитIана. Гьединабго тадбир школаздаги гIуцIана гьез.**

Мастер-классалда БагIараб Хъанчалъул специалистаз бихьизабуна тIоцебесеб кумек гьабиялъул аслиял къагIидаби, тIоритIана тохтурзабазе ва больницаялъул хIалтIухъабазе практикиял ругьунлъаби, бицана хIинкъигьечIолъиялда хурхун тIуразе хIажатал ишазулги.

ЦРБялъул вакилзабазул рагIабазда рекъон, тадбиралъул хIасилалда чанги батIияб-цIияб лъана. Гьез баркала загьир гьабуна цебе рехсараб жамгIияб идараялъул махщалилазе.

**«Гумбет» информациялъуб гIуцIи**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»»

### Решение:7

**29. 12. 2025 г.** **с. Шабдух**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет «Цунди-шабдухский» на 2026 год в размере 2442,1 тыс. рублей, и плановый период на 2027 год в размере 1957,8тыс. рублей, на 2028 год в размере 2433,1 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | **2026 г.** | **2027 г.** | **2028 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2071,9 | 1549,8 | 1947,6 |
| Субвенция | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| Собственные доходы | 113,0 | 113,0 | 113,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 48,0 | 48,0 | 48,0 |
| Земельный налог | 32,0 | 32,0 | 32,0 |
| Имущественный | 11,0 | 11,0 | 11,0 |
| Единый сельхоз налог | 22,0 | 22,0 | 22,0 |
| **ИТОГО:** | **2442,1** | **1957,8** | **2433,2** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1354,0 | 934,8 | 1232,6 |
| б) | МКУК | 830,9 | 728,0 | 828,0 |
| в) | ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | ИТОГО: | **2442,1** | **1957,8** | **2433,2** |

**Председатель сельского Собрания депутатов П. А. Алигаджиев.**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Борьба с энцефалитом

**Клещевой вирусный энцефалит (далее - КВЭ) является природно-очаговой острой вирусной инфекционной болезнью с трансмиссивным механизмом передачи возбудителя. Характеризуется преимущественным поражением центральной нервной системы, полиморфизмом клинических проявлений. Последствия заболевания разнообразны - от полного выздоровления до тяжелых нарушений здоровья, приводящих к инвалидности и летальным исходам.**

Инкубационный период при трансмиссивном пути передачи длится 7 - 14 календарных дней, при алиментарном - 4 - 7 календарных дней.

Природные очаги КВЭ широко распространены в умеренной климатической зоне Евразийского континента. Наиболее активные очаги находятся в зоне широколиственных, смешанно-широколиственных, южно- и среднетаежных лесов.

Возбудитель болезни - вирус клещевого энцефалита (далее - вирус КЭ), является представителем семейства Flaviviridae, рода Flavivirus, включает три основные субтипы - европейский, дальневосточный и сибирский. Ареал вируса КЭ совпадает с ареалом основных переносчиков возбудителя - иксодовых клещей: Ixodes persulcatus и Ixodes ricinus, а также дополнительных представителей родов Haemaphysalis и Dermacentor. В ряде районов Сибири и Дальнего Востока определенную роль в передаче возбудителя КВЭ имеет Ixodes pavlovskyi.

Резервуаром вируса КЭ являются иксодовые клещи и мелкие млекопитающие. Последние наряду с крупными млекопитающими и птицами выполняют роль прокормителей различных фаз развития иксодовых клещей.

Ведущим механизмом передачи возбудителя является трансмиссивный. Значительно реже заражение человека происходит алиментарным путем при употреблении в пищу сырого молока коз (очень редко - коров). В отдельных случаях заражение реализуется контактным путем при попадании возбудителя на кожу и на слизистые оболочки при раздавливании клеща.




## Профилактические мероприятия:

Специфическая профилактика КВЭ (плановая и по эпидемическим показаниям) проводится в соответствии с календарем профилактических прививок по эпидемическим показаниям и инструкциями по применению медицинских иммунобиологических препаратов.

Профилактические прививки против КВЭ проводят гражданам для предупреждения заболевания КВЭ.

Профилактические прививки против КВЭ населению проводят государственные, муниципальные и частные организации здравоохранения, имеющие лицензию на медицинские виды деятельности.

Профилактические прививки против КВЭ проводят:

- лицам до 18 лет, проживающим на административных территориях эндемичных по КВЭ, с охватом не менее 95%;
- взрослому населению, проживающему на административных территориях с высоким риском заболевания, с учетом дифференциации административных территорий по риску заражения населения вирусом КЭ, с охватом не менее 95%.
- взрослому населению, по виду деятельности или роду занятий, связанному с пребыванием в природных стациях, а также в садоводствах, расположенных в административных районах, эндемичных по КВЭ.
- населению, выезжающему в административные районы, эндемичные по КВЭ.
- лицам, связанным с трудовой деятельностью в административных районах, эндемичных по КВЭ (профессиональные группы риска), в частности, осуществляющих:
- сельскохозяйственные, лесозаготовительные гидромелиоративные, строительные, заготовительные, промысловые, геологические, изыскательские, экспедиционные, дератизационные, дезинсекционные работы; работы по выемке и перемещению грунта, расчистке и благоустройству леса;
- лицам, чья деятельность связана с использованием вируса КЭ;
- лицам, осуществляющим другие виды работ, связанные с угрозой заражения КВЭ

Специфическая профилактика – это Вакцинация

Существует две схемы вакцинации против клещевого энцефалита: плановая и экстренная:

### Плановая вакцинация

Вакцинопрофилактику против КВЭ проводят в основном в зимний период в соответствии с медицинскими показаниями.

Стандартом вакцинации от клещевого энцефалита является применение 3-х доз вакцины. Повторная вакцинация (ревакцинация) проводится спустя 3 года и далее 1 раз в 3 года путем однократного введения 1-ой дозы вакцины.

Между введениями первой и второй доз вакцины существует интервал, который для каждой вакцины свой (от 2-х до 5-и 7-и месяцев). Через один год вводится 3-я доза вакцины. В ответ на введение вакцины в организме человека начинают вырабатываться антитела. На это уходит около 2-х недель. Две прививки от клещевого энцефалита (введение 2-х доз вакцины) приводят к выработке достаточного количества антител в организме человека. Однако полноценный длительный иммунитет (до 3-х лет) вырабатывается при проведении 3-х кратной вакцинации.

Привитым против КВЭ считается лицо, получившее законченный курс вакцинации и 1 (или более) ревакцинацию.

Вакцинация защищает от тяжелых форм клещевого энцефалита, от летальных исходов!

### Экстренная (ускоренная) схема вакцинации

При экстренной или ускоренной схеме вакцинации сокращается интервал между 1 и 2 прививкой (от 2 недель до 1 мес. в зависимости от вакцины) и проводится, как правило, перед сезоном в зимне-весенний период. Ревакцинация проводится через 1 год после 2 прививки, в последующем – каждые 3 года.

Схемы ускоренной вакцинации используются как у детей, так и у взрослых, но лучше привиться заранее по основной схеме.

Экстренная схема вакцинации проводится при выездах (командировках, отпусках) на территории, эндемичные по клещевому вирусному энцефалиту.

Неспецифическая профилактика КВЭ - направлена на предотвращение присасывания клещей-переносчиков к людям.

Мероприятиями по неспецифической профилактике КВЭ являются:

- индивидуальная (личная) защита людей;
- уничтожение клещей (противоклещевые мероприятия) в природных биотопах с помощью акарицидных средств;
- экологически безопасное преобразование окружающей среды;
- истребление мелких млекопитающих (дератизационные мероприятия);
- информационно-разъяснительная работа.

Индивидуальная (личная) защита людей включает в себя:

соблюдение норм безопасности на опасной в отношении клещей территории: проведение осмотров каждые 10 минут для обнаружения клещей; минимизация контактов с лесной подстилкой; устройство стоянок и ночевок в лесу на участках, лишенных травяной растительности или в сухих сосновых лесах на песчаных почвах; осмотр после возвращения из леса или перед ночевкой снятой верхней одежды, тела и предметов, на которых могут оказаться клещи; исключение заноса в помещения растений непосредственно из леса; осмотр собак и других животных для обнаружения и удаления с них прицепившихся и присосавшихся клещей.

**Врач-эпидемиолог**
**Ф ФБУЗ «ЦГ и Э в РД в Ботлихском районе»**
**Х.К Казаналипова**

СТРАНА ГОР

# Весенняя охота в Дагестане: сроки и правила

**Минприроды РД информирует охотников и охотпользователей о сроках и правилах весенней охоты на селезней утиных в 2026 году.**

Весенняя охота на селезней уток с использованием живых подсадных (манных) уток будет осуществляться непрерывно с 1 марта по 30 марта.

Важно помнить, что добыча самок уток запрещена. Охота может проводиться только из укрытия с подсадной уткой, чучелами или манком. На одну живую подсадную утку может охотиться не более двух человек.

Заявление на получение разрешения в общедоступные охотничьи угодья можно подать за 10 календарных дней до установленных сроков охоты.

Охотникам, не сдавшим сведения о добытых охотничьих ресурсах по окончании весенней охоты в установленный срок (20 дней после окончания сезона), будет отказано в выдаче разрешения на добычу охотничьих ресурсов в течение года.

Будьте сознательными, соблюдайте правила охоты и берегите природу!

БетІерав редактор:
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухІамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачlунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.